

**INTEGRASI NILAI-NILAI PENDIDIKAN KARAKTER  
WONTEN ING SERAT WEDHATAMA KANGGE  
BAHAN AJAR PASINAON BASA JAWI ING  
SEKOLAH MENENGAH KEJURUAN**

**TESIS**

**Kangge Anjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Magister  
Program Studi Magister Pendidikan Bahasa**



**Kaanggit dening  
Shofia Farida  
NIM 1681100009**

**PROGRAM PASCASARJANA  
UNIVERSITAS WIDYA DARMA KLATEN  
2018**

PASARUJUKAN

INTEGRASI NILAI-NILAI PENDIDIKAN KARAKTER  
WONTEN ING SERAT WEDHATAMA KANGGE BAHAN  
AJAR PASINAON BASA JAWI ING SEKOLAH  
MENENGAH KEJURUAN

Dening

Shofia Farida

NIM 1681100009

Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pembimbing

Pembimbing I

Tapak Asma

Tanggal

Dr. H. Basuki, M.M.  
NIP. 19540312 198003 1 003

29/2018  
/8

Pembimbing II

Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.  
NIP. 19600412 198901 1 001

29/2018  
/8

Kauningan,



## PENGESAHAN




### INTEGRASI NILAI-NILAI PENDIDIKAN KARAKTER WONTEN ING SERAT WEDHATAMA KANGGE BAHAN AJAR PASINAON BASA JAWI ING SEKOLAH MENENGAH KEJURUAN

Dipunanggit dening:

**Shofia Farida**

**NIM 1681100009**



Sampun dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Pangaji

Jabatan	Nama	Tanda Tangan	Tanggal
Pangarsa	Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum.		5/2018 19
Panitra	Dr. Hersulastuti, M.Hum.		5/2018 19
Pangaji I	Dr. H. Basuki, M.M.		5/2018 19
Pangaji II	Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.		5/2018 19

Kauningan:

Direktur Program Pascasarjana,

Ketua Program Studi



Dr. D.B. Putut Setiyadi, .Hum  
NIP. 19600412 198901 1 001

## PRATELAN

Ingkang tapak asma ing ngandhap menika, kula:

Nama : Shofia Farida

NIM : 1681100009

Jurusan/Program Studi : Magister Pendidikan Bahasa

Program : Pascasarjana

mratelakaken kanthi sayektosipun bilih *tesis* ingkang irah-irahanipun  
INTEGRASI NILAI-NILAI PENDIDIKAN KARAKTER WONTEN ING  
SERAT WEDHATAMA KANGGE BAHAN AJAR PASINAON BASA JAWI  
ING SEKOLAH MENENGAH KEJURUAN menika seratan kula piyambak.

Prakawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebetung *tesis* menika  
dipunsukani tandha *sitasi* lan dipuntedahaken ing salebetung kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratelan kula mboten leres,  
kula sagah nampi *sanksi akademik* inggih menika batalipun *gelar* Magister  
Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Klaten, 29 Agustus 2018

Ingkang damel pratelan



Shofia Farida

## **MOTTO**

Allah tidak membebani seseorang lebih dari apa yang ia berikan kepadanya.

Sesudah orang menderita kesukaran Allah akan memberinya kesenangan.

(*QS Ath-Tholaq : 7*)

Orang yang bahagia adalah orang yang bisa menerima dengan lapang dada segala perbedaan, menerima dan merenungkan segala kritikan, dan berterima kasih atas segala pemberian

(Mario Teguh)

## **PISUNGSUNG**

Karya menika kula pisungsungaken dumateng:

1. Tiyang sepuh kula ingkang tansah paring  
donga pengestu.
2. Bapak/Ibu Dosen Universitas Widya  
Dharma Klaten
3. Bapak/Ibu guru saha siswa SMKN 1  
Magelang.
4. Pamaos sadaya

## **ATUR PANGLANTAR**

Puji syukur konjuk dumateng ngarsanipun Pangeran Ingkang Mahaasih tuwin Mahamirah, awit saking lubering sih kanugrahan satemah kula saget nyekapaken tesis kanthi irah-irahan “**INTEGRASI NILAI-NILAI PENDIDIKAN KARAKTER WONTEN ING SERAT WEDHATAMA KANGGE BAHAN AJAR PASINAON BASA JAWI ING SEKOLAH MENENGAH KEJURUAN**”.

Tesis menika kaanggit minangka kangge hanjangkepi saperangan syarat anggayuh drajat Magister Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten.

Awit saking peparingipun pambyantu kangge nyekapi tesis menika, pramila panganggit ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindan dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd., Rektor Universitas Widya Dharma Klaten ingkang sampun paring paring panjurung lan pangarah dumateng panganggit salebetipun nderek piwucalan ing Universitas Widya Dharma Klaten.
2. Bapak Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd., Direktur Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ingkang sampun paring panjurung lan pangarah dumateng panganggit salebetipun nderek piwucalan ing Universitas Widya Dharma Klaten.
3. Bapak Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum., Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pasacasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten, ugi

kaleres Pamong II ingkang sampun paring panjurung, pangarah dalah panuntun salebeting panganggitan tesis menika.

4. Bapak Dr. H. Basuki, M.M. kaleres Pamong I ingkang sampun paring panjurung, pangarah dalah panuntun salebeting panganggitan tesis menika.
5. Ibu Dr. Hersulastuti, M.Hum. Sekretaris Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten, ugi kaleres Panitra Tim Pengaji Tesis ingkang sampun paring panjurung lan pangarah tesis menika.
6. Bapak Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum., Pangarsa Tim Pengaji Tesis ingkang sampun paring panjurung lan pangarah tesis menika.
7. Bapak Drs. Nisandi, M.T. Pangarsa SMK N 1 Magelang ingkang sampun paring panjurung saha wekdal dumateng panganggit kangge ngayahi piwulangan ing Universitas Widya Dharma Klaten.
8. Bapak saha Ibu guru SMK N 1 Magelang ingkang sampun paring pambyantu salebeting paneliten menika.

Panganggit sampun mbudidaya murih sampurnaning tesis menika, ananging penganggit ngrumaosi bilih tesis menika tasih kathah kekiranganipun. Pramila, panyaruwe saking para kadang pamaos tansah kula antu-antu, matur nuwun.

Klaten, Agustus 2018

Panganggit,

Shofia Farida

## DHAFTAR ISI

COVER .....	i
PASARUJUKAN .....	ii
PENGESAHAN .....	iii
PRATELAN .....	iv
MOTTO.....	v
PISUNGSUNG.....	vi
ATUR PANGLANTAR .....	vii
DHAFTAR ISI .....	ix
DHAFTAR GAMBAR .....	xii
DHAFTAR LAMPIRAN .....	xiii
SARI PATHI .....	xiv
ABSTRAK .....	xv
<i>ABSTRACT</i> .....	xvi
BAB I PURWAKA.....	1
A. Lelarahing Prakawis .....	1
B. Idhentitasing Prakawis .....	3
C. Rumusaning Prakawis .....	4
D. Ancasing Panaliten .....	4
E. Mumpangating Panaliten.....	5
BAB II LAMBARANING TEORI, PANALITEN INGKANG GAYUT LAN RAGANGANING PAMIKIR .....	6
A. Lambaraning Teori .....	6

B. Panaliten ingkang Gayut .....	18
C. Raganganing Pamikir .....	20
<b>BAB III METODOLOGI PANALITEN.....</b>	<b>22</b>
A. Strategining Panaliten .....	22
B. Objek, lan Wekdaling Panaliten.....	23
C. Jenising Dhata lan Sumbering Dhata .....	23
D. Teknik Ngempalaken Dhata.....	23
E. Validitas Dhata.....	24
F. Teknik Pangonceking Dhata .....	25
<b>BAB IV PIKANTUKIPUN DHATA LAN PANGONCEKIPUN .....</b>	<b>27</b>
A. Pikantukipun Dhata .....	27
1. <i>Serat Wedhatama</i> .....	27
2. Nilai-nilai Pendidikan Karakter ingkang Wonten ing <i>Serat Wedhatama</i> .....	32
3. Integrasi Nilai-nilai Pendidikan Karakter ingkang Wonten ing <i>Serat Wedhatama</i> kangege Bahan Ajar Pasionaon Basa Jawi ing SMK .....	44
4. Faktor ingkang Dados Reridhu Lumampahing Pendidikan Karakter Ingkang Wonten ing <i>Serat Wedhatama</i> kangege Bahan Ajar Pasinaon Basa Jawi ing SMK.....	48
B. Pangoncekipun Dhata .....	51
1. Interpretasi Makana ing <i>Serat Wedhatama</i> .....	51
2. Nilai-nilai Pendidikan Karakter ingkang Wonteng ing <i>Serat Wedhatama</i> .....	63

3. Integrasi Nilai-nilai Pendidikan Karakter lan Reridhu	
Lampahing Pasinaon Pendidikan Karakter ing SMK.....	73
BAB V PANUTUP .....	78
A. Dudutan.....	78
B. Implikasi .....	80
C. Saran .....	81
KAPUSTAKAN.....	82
LAMPIRAN-LAMPIRAN.....	85

## **DHAFTAR GAMBAR**

Gambar 2.1 Ragangaing Pamikir.....	21
Gambar 3.1 Model Analisis Interaktif .....	26

## **DHAFTAR LAMPIRAN**

1. Kompetensi Dasar Piwulangan Basa Jawi Materi <i>Serat Wedhatama</i> ing SMK .....	85
2. <i>Serat Wedhatama</i> .....	87
3. Rencana pelaksanaan pembelajaran (RPP) <i>Serat Wedhatama</i> Ing SMK Negeri 1 Magelang .....	195
4. Surat Ijin Penelitian.....	148

## SARIPATHI

Shofia Farida. NIM 1681100009. "Integrasi Nilai-Nilai Pendidikan Karakter Wonten Ing *Serat Wedhatama* Kangge Bahan Ajar Pasinaon Basa Jawi Ing Sekolah Menengah Kejuruan". Tesis: Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten. 2018.

Rumusaning prakawis panaliten menika: (1) Punapa kemawon nilai-nilai pendidikan karakter ingkang wonten ing *Serat Wedhatama*?; (2) Kadospundi integrasi nilai-nilai pendidikan karakter ingkang wonten ing *Serat Wedhatama* saged kangge bahan ajar pasinaon Basa Jawi ing SMK?; (3) Faktor punapa kemawon ingkang dados reridhu lumampahing pendidikan karakter ingkang wonten ing *Serat Wedhatama* kangge bahan ajar pasinaon Basa Jawi ing SMK?

Wujud panaliten inggih menika panaliten kualitatif. Objek panaliten *Serat Wedhatama*, guru, lan siswa SMKN 1 Magelang. Teknik ngempalaken dhata ngagem: observasi, wawanrembag, lan dokumentasi. Teknik pangonceking dhata ngagem analisis datha kualitatif model interaktif saking Miles lan Huberman (2006).

Dudutan panaliten inggih menika: (1) *Nilai-nilai pendidikan karakter* ingkang wonten ing *Serat Wedhatama* saged dipunpontho dados saperangan adhedasar tematik: (a) etika pribadi kadosdene jujur, disiplin, kerja keras, mandiri, *rasa ingin tahu*, lan tanggung jawab; (b) etika sosial kadosdene toleransi, demokratis, menghargai prestasi, bersahabat/komunikatif, lan peduli sosial; (c) etika dumateng Gusti Ingkang Mahakuwasa kadosdene religius, cinta damai, lan cinta lingkungan; (2) *Serat Wedhatama* satunggaling bahan ajar ingkang wonten kurikulum SMK, kangge ningkataken pangetasan generasi muda babagan karya sastra Jawi. *Serat Wedhatama* ngadut nilai-nilai pendidikan karakter luhur ingkang pantes dipunlestantunaken dening generasi muda, amargi saged dipunagem kangge pedoman gesang ing alam bebrayan agung kangge ningkataken sipat budi luhur generasi muda; (3) Faktor ingkang dados reridhu lumpahaing pendidikan karakter ing SMK, antawisipun: (a) basa ingkang dipunanggit ing *Serat Wedhatama* mboten ngagem basa ingkang limrah ing saben dintenipun; (b) siswa kangelan anggenipun ngapalaken tembang ing *Serat Wedhatama*; (c) siswa wonten ingkang kagungan pamanggih bilih piwulangan Basa Jawi *Serat Wedhatama* sampun ketinggalan jaman, lan dipunanggep mboten wigati kangge gesang bebrayan agung; (d) Siswa kirang kagungan motivasi kange nderek piwulangan Basa Jawi; (e) kirangipun bahan referensi babagan *Serat Wedhatama*; (f) guru kirang trampil utawi *inovatif* ngagem metode utawi media piwucalan ingkang sanget ngremenaken siswa

Wosing tembung: Pendidikan karakter, *Serat Wedhatama*.

## ABSTRAK

Shofia Farida. NIM 1681100009. "Integrasi Nilai-Nilai Pendidikan Karakter dalam *Serat Wedhatama* untuk Bahan Pembelajaran Bahasa Jawa di Sekolah Menengah Kejuruan". Tesis: Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten. 2018.

Rumusan masalah penelitian ini adalah: (1) Apa saja nilai-nilai pendidikan karakter yang terdapat dalam *Serat Wedhatama*?; (2) Bagaimana integrasi nilai-nilai pendidikan karakter yang terdapat dalam *Serat Wedhatama* dapat digunakan untuk bahan pembelajaran Bahasa Jawa di SMK?; (3) Faktor apa saja yang menjadi kendala pelaksanaan pendidikan karakter dalam *Serat Wedhatama* untuk bahan pembelajaran Bahasa Jawa di SMK?

Jenis penelitian adalah penelitian kualitatif. Objek penelitian adalah *Serat Wedhatama*, guru, dan siswa SMKN 1 Magelang. Teknik pengumpulan data menggunakan: observasi, wawancara, dan dokumentasi. Teknik analisis data menggunakan analisis data kualitatif model interaktif dari Miles dan Huberman (2006).

Hasil peneitian menyimpulkan bahwa: (1) *Nilai-nilai pendidikan karakter* yang terdapat dalam *Serat Wedhatama* terdiri atas: (a) etika pribadi seperti: jujur, disiplin, kerja keras, mandiri, rasa ingin tahu, dan tanggung jawab; (b) etika sosial seperti: toleransi, demokratis, menghargai prestasi, bersahabat/komunikatif, dan peduli sosial; (c) etika kepada Tuhan Yang Mahakuasa seperti: religius, cinta damai, dan cinta lingkungan; (2) *Serat Wedhatama* adalah salah satu materi yang terdapat dalam kurikulum SMK, yang ditujukan untuk meningkatkan pemahaman generasi muda tentang karya sastra Jawa. *Serat Wedhatama* mengandung nilai-nilai pendidikan karakter yang baik yang pantas dilestarikan oleh generasi muda, karena dapat digunakan untuk pedoman hidup di masyarakat; (3) Faktor yang menjadi kendala pelaksanaan pendidikan karakter di SMK, antara lain: (a) bahasa yang ditulis dalam *Serat Wedhatama* tidak menggunakan bahasa yang umum sehari-hari; (b) siswa kesulitan menghafal lagu yang terdapat pada *Serat Wedhatama*; (c) siswa ada yang memiliki pendapat bahwa pembelajaran Bahasa Jawa *Serat Wedhatama* sudah ketinggalan jaman, dan dianggap tidak penting untuk hidup bermasyarakat; (d) siswa kurang memiliki motivasi belajar untuk mengikuti pembelajaran Bahasa Jawa; (e) kurangnya bahan referensi tentang *Serat Wedhatama*; (f) guru kurang terampil dan *inovatif* menggunakan metode dan media pembelajaran yang dapat menyenangkan siswa.

Kata kunci: Pendidikan karakter, *Serat Wedhatama*.

## ABSTRACT

Shofia Farida. NIM 1681100009. "Integration of Character Education Values in *Serat Wedhatama* for Javanese Language Learning Materials in Vocational Middle Schools". Thesis: Widya Dharma University Klaten Postgraduate Program. 2018.

The formulation of the research problem is: (1) What are the values of character education contained in *Serat Wedhatama*?; (2) How can the integration of character education values contained in the *Serat Wedhatama* be used for Javanese Language learning materials in Vocational Schools?; (3) What factors are the obstacles to the implementation of character education in *Serat Wedhatama* for learning Javanese Language in Vocational Schools?

This type of research is qualitative research. The object of the study was *Serat Wedhatama*, teacher, and students of SMKN 1 Magelang. Data collection techniques use: observation, interviews, and documentation. Data analysis techniques uses qualitative data analysis of interactive model Miles & Huberman (2006).

The results of the study conclude that: (1) The values of character education contained in *Serat Wedhatama* consist of: (a) personal ethics such as: honesty, discipline, hard work, independence, curiosity, and responsibility; (b) social ethics such as: tolerance, democracy, respect for achievement, friendship / communicative, and social care; (c) ethics to Almighty God such as: religious, peace-loving, and love for the environment; (2) *Serat Wedhatama* is one of the material contained in the vocational curriculum, which is intended to improve the understanding of the younger generation about Javanese literary works. *Serat Wedhatama* contains good character education values that deserve to be preserved by the younger generation, because it can be used to guide life in the community; (3) Factors that become obstacles to the implementation of character education in vocational schools, include: (a) the language written in *Serat Wedhatama* does not use common language everyday; (b) students have difficulty memorizing songs contained in the *Serat Wedhatama*; (c) students have the opinion that *Serat Wedhatama* Java Language learning is outdated, and is considered not important for community life; (d) students lack motivation to learn to participate in Javanese learning; (e) lack of reference material on *Serat Wedhatama*; (f) teachers are less skilled and innovative using learning methods and media that can please students.

Keywords: Character education, *Serat Wedhatama*.

## **BAB I**

### **PURWAKA**

#### **A. Lelarahing Prakawis**

Pawiyatan punika nggadahi peran ingkang penting tumrap kemajenganipun bangsa. Miturut pamanggih Suyanto lan Hisyam (2000: 23), “pawiyatan dados *institusi* penting kagem proses nyiapaken lan ningkataken mutu *sumber daya manusia* Indonesia”. Sianu saget kangge bekal kagem mlebet tataran gesang saklajengipun utawi kagem pados pakaryan ingkang gumathok. Kanthi sinau, tiyang saget ningkataken pangertosan, kaprigelan lan *kreativitas* dhumateng ngrembakaning kawruh lan teknologi, pramila saget ngluwari saking kirangipun pangertosan, tinilar jaman lan kemlaratan amargi kawruh lan kaprigelan saget kangge mrantasi reribet ing panggesangan. Murid saget nyurung dhumateng kasilipun piwucalan kadosdene kadewasan diri, pikir, raos, moral, iman lan taqwa manungsa.

Kasilipun piwucalan inggih punika wontenipun *ewah-ewahan tindak tanduk* arupi saking kasilipun piwucalan. Kasilipun piwucalan dipunjalari saking pinten-pnten *faktor*, inggih punika *faktor internal* lan *faktor eksternal*. *Faktor internal* awujud kecerdasan, minat, bakat, sikap, lan kebiasaan piwucalan. *Faktor eksternal* awujud metodhe murid, variasi gaya murid, sarana murid, lingkungan sosial ing sekolah lan lingkungan keluwarga. Djaali (2011: 10) ngandaraken bilih “kaprigelan murid sanget nemtokaken kasilipun ing proses piwucalan. Wonten ing proses piwucalan kasebat kathah faktor ingkang ndadosaken antawisipun: *motivasi, sikap, minat, kebiasaan* piwucalan lan *konsep diri*”. Kanthi punika, guru

kedah naliti pentingipun *faktor-faktor* ingkang ndadosaken kasilipun piwucalan kangge mbiyantu murid kangge nggayuh kasilipun piwucalan ingkang *optimal*. Objek pambijining kasilipun piwucalan dumadi saking tigang *ranah*, inggih punika *ranah kognitif, afektif* lan *psikomotoris*. “Wonten ing antawisipun tigang *ranah* punika, *ranah kognitif* ingkang langkung kathah dipunbiji saking guru wonten sekolah amargi gegayutan kaliyan keprigelaning murid nguwaosi isi bahan murid” (Sudjana, 2011: 23).

Kangge ningkataken kasilipun piwucalan murid SMK ing babagan *aspek afektif*, miturut kurikulum Basa Jawi kangge murid kelas X, XI lan XII SMK, dipunparangi bahan pasinaon *Serat Wedhatama*. Ancasing piwucalan Serat Wedhatama punika kangge ningkataken karakter murid supados anggadahi budi luhur ingkang sae kados ingkang dipunsebataken wontening *kompetensi dasar* (saged dipunpirsani wonteng ing lampiran).

Bahan piwucalan *Serat Wedhatama* ingkang dipunparingaken dumateng murid SMK kelas X, XI lan XII kados ing nginggil, nedahaken bilih nilai-nilai karakter ingkang wonten *Serat Wedhatama* sakestu penting kangge generasi muda, supados anggadahi sipat budi luhur.

*Serat Wedhatama* satunggaling kitab Jawi kino anggitanipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunegara IV. *Wedhatama* kasusun saking tembung *wedha* lan *tama*. *Wedha* suraosipun pengertosan utawi ajaran, lan *Tama* utawi utama suraosipun sae utawi luhur. *Serat Wedhatama* mengku suraos seratan ingkang isi babagan ajaran luhur utawi tuntunan moral. Serat Wedhatama satunggaling karya sastra wujud tembang, kadosdene dipunandaraken ing bagian

purwaka kitab kasebat inggih pinika: *sinawung resmining kidung*, ingkang suraosipun dipaes kanthi endahing tembang (Suwarno, 2008: 4).

*Serat Wedhatama* satunggaling kitab Jawi Kino (*kitab piwulang lan piweling*) ingkang kawentar ing masyarakat Jawi. Wonten *Serat Wedhatama* ngandut piwulang lan piweling luhur ingkang gayut kaliyan *konsep ketuhanan, kemasyarakatan* lan *kemanusiaan* (Any, 1986:77). Nilai-nilai piwulangan ingkang wonten *Wedhatama* tasih wonten sesambutanipun kaliyan karakter kangge murid utawi generasi muda ing pawiyatan ing jaman sakmenika. Nilai-nilai kasebat mliginipun ingkang gayut kaliyan *aspek kognitif* saha *aspek afektif* kangge murid.

Mliginipun kaliyan *aspek afektif*, murid dipunwucal lan dipunweling supados anggadahi sikap kersa mbucal sedaya nafsu angkara murka, *emosi tak terkendali, egois*, males-malesan lan sapiturutipun. Sikap kersa mbangun *semangat kerja* utawi *semangat belajar* kanthi giat, *memacu prestasi* supados gesang ingkang layak lan tentrem lahir batin. Sikap kersa njalin *relasi* ingkang sae dateng tiyang sanes, saengga nuwuhaken suasana tepa slira, suasana *kekeluargaan* lan *kebersamaan*.

Adedhasar lelarahing prakawis ing nginggil, pramila panaliten punika mendet irah-irahan “Integrasi Nilai-Nilai Pendidikan Karakter Wonten Ing *Serat Wedhatama* Kangge Bahan Ajar Pasinaon Basa Jawi Ing Sekolah Menengah Kejuruan”

## B. Idhentitasing Prakawis

Idhentitasing prakawis ing panaliten punika saget kaserat kadosdene ing ngandap punika.

1. Murid biasanipun kirang mengertosi tembung-tembung ingkang wonten tembang utawi karya sastra Jawi Kino, kadosdene ing *Serat Wedhatama*.
2. *Serat Wedhatama* sakestunipun ngandut pitutur luhur, ananging para generasi musa sakmenika, kadosdene murid SMK, kirang remen maos Serat Wedhatama.
3. Kasilipun piwulangan aspek afektif (sikap) ing pawiyatan tasih dereng saged ngremenenaken sadaya *pihak*, awit generasi muda sakmenika kirang saged njunjung budaya katimuran (Jawi), lan remen dateng budaya barat (*globalisasi*).
4. Unggah-ungguh murid utawi generasi muda wontening bebrayan agung tasih perlu dipuntingkataken supados ing sakmangke dados generasi penerus bangsa utawi pemimpin ingkang kagungan sipat budi luhur.

### **C. Rumusaning Prakawis**

Adhedhasar lelarahing prakawis lan idhentitasing prakawis ingkang sampun dipunjereng ing ngajeng, rumusaning prakawis panaliten inggih punika:

1. Punapa kemawon nilai-nilai pendidikan karakter ingkang wonten ing *Serat Wedhatama*?
2. Kadospundi integrasi nilai-nilai pendidikan karakter ingkang wonten ing *Serat Wedhatama* saged kangege bahan ajar pasinaon Basa Jawi ing SMK?
3. Faktor punapa kemawon ingkang dados reridhu lumampahing pendidikan karakter ingkang wonten ing *Serat Wedhatama* kangege bahan ajar pasinaon Basa Jawi ing SMK?

### **D. Ancasing Panaliten**

Ancasing panaliten punika kangege mangertosi:

1. Nilai-nilai pendidikan karakter ingkang wonten ing *Serat Wedhatama*.
2. Integrasi nilai-nilai pendidikan karakter ingkang wonten ing *Serat Wedhatama* kangge bahan ajar pasinaon Basa Jawi ing SMK.
3. Faktor ingkang dados reridhu lumampahing pendidikan karakter ingkang wonten ing *Serat Wedhatama* kangge bahan ajar pasinaon Basa Jawi ing SMK.

#### **E. Mumpangating Panaliten**

##### **1. Mumpangat teoritis**

- a. Paring sumbangsih teori kangge ningkataken konsep lan pangejawantahan pendidikan karakter ingkang wonten ing *Serat Wedhatama* kangge bahan ajar pasinaon Basa Jawi ing pawiyatan.
- b. Kangge bahan *rujukan* lan sumber panaliten saklajengipun ingkang badhe naliti nilai-nilai pendidikan karakter ingkang wonten ing *Serat Wedhatama* kangge bahan ajar Pasinaon Basa Jawi ing pawiyatan.

##### **2. Mumpangat praktis**

- a. Kagem guru

Ningkataken pangertosan guru, mliginipun guru basa Jawi kangge ningkataken kasilipun piwucalan karakter murid lumantar *Serat Wedhatama*.

- b. Kangge murid

Ningkataken karakter murid, mliginipun murid SMKN 1 Magelang.

- c. Kangge paneliti

Ningkataken pangertosan lan nambah pengalaman babagan nilai-nilai pendidikan karakter ingkang wonten ing *Serat Wedhatama* kange bahan ajar pasinaon Basa Jawi ing pawiyatan.

## **BAB V**

### **PANUTUP**

#### **A. Dudutan**

Adhedasar bab ing ngajeng, saged kapendet dudutan kados ing ngandap menika:

1. *Nilai-nilai pendidikan karakter* ingkang wonten ing *Serat Wedhatama* saged dipunpontho dados saperangan adhedasar tematik: (a) etika pribadi kadosdene jujur, disiplin, kerja keras, mandiri, *rasa ingin tahu*, lan tanggung jawab. Pendidikan karakter lumantar pengembangan manah, rasa, *emosionalitas*, utawi *spiritualitas*. Babagan menika katingal saking pesan supados: angulah lantiping ati (*mempertajam perasaan*), bengkas kahardaning driya, supaya dadya utami (*menyingkirkan hawa nafsu agar menjadi manusia yang berbudi luhur*), lan tan mikani rasa lan (*jangan menjadi orang yang lemah budinya dan tumpul perasaannya*; (b) etika sosial kadosdene toleransi, *demokratis*, menghargai prestasi, bersahabat/komunikatif, lan peduli sosial. *Serat Wedhatama* paring piwucal supados mboten gonyak ganyuk nglelingsemi (*agar orang jangan sampai bertindak kurang sopan santun dalam pertemuan, sehingga memalukan*). Nggugu karepe priyangga (*jangan bertindak semaunya sendiri*). Traping angganira (*jika berbicara tanpa dipikirkan lebih dahulu, tidak mau dianggap bodoh, dan mabuk pujian*), lan angger ugering keprabon (*mematuhi tatanan Negara*); (c) etika dumateng Gusti Ingkang Mahakuwasa kadosdene religius, cinta damai, lan cinta lingkungan. *Serat Wedhatama* paring pepiling bilih agama ageming aji (*agama merupakan pegangan hidup*

*yang berharga), sembah catur (empat macam sembah, yaitu sembah raga, cipta, jiwa, dan rasa. Dengan sembah rasa, orang akan mampu memahami hakikat makna terdalam; wus ilang sumelanging kalbu, amung kandel kumandel ing takdir (tercapainya dengan kesentausaan batin, tidak ada lagi was-was dan keragu-raguwan, hanya percaya sepenuhnya pada takdir), roroning atunggil (mengajarkan makna dwitunggal yaitu makhluk dan Khalik, titah dan yang menitahkan).*

2. *Serat Wedhatama* satunggaling bahan ajar ingkang wonten kurikulum SMK.

*Serat Wedhatama* dados bahan ajar Basa Jawi kangge siswa SMK, amargi ngandut nilai-nilai luhur kangge pendidikan karakter siswa, saha kangge ningkataken pangetosan generasi muda babagan karya sastra Jawi. *Serat Wedhatama* ngadut nilai-nilai pendidikan karakter luhur ingkang pantes dipunlestantunaken dening generasi muda, amargi saged dipunagem kangge pedoman gesang ing alam bebrayan agung kangge ningkataken sipat budi luhur generasi muda. Saben karya satra luhur ngandhut nilai edukatif utawi nilai pendidikan, ingkang bakal nuntun lan minangka landhesan kangge penikmat karya sastra kasebat. Sejaosipun wonten pinten-ointen nilai ingkang wonten ing saklebetipun karya sastra, inggih nilai estetika, nilai moral, nilai adat, nilai religi, nilai sejarah lan sanesipun. Nilai-nilai kasebat dipunagem minangka kangge mbangun peradaban generasi mudha minangka kangge nglarasaken gesang ing alam bebrayan.

3. Faktor ingkang dados reridhu lumpahaing pendidikan karakter ingkang wonten ing *Serat Wedhatama* kangge bahan ajar pasinaon Basa Jawi ing SMK, antawisipun: (1) basa ingkang dipunanggit ing *Serat Wedhatama* basa

ingkang angel dipunpahami kangenipun siswa, amargi mboten ngagem basa ingkang limrah ing saben dintenipun; (2) siswa kangelan anggenipun ngapalaken tembang ingkang kaanggit ing *Serat Wedhatama*; (3) siswa wonten ingkang kagungan pamanggih bilih piwulangan Basa Jawi *Serat Wedhatama* sampun ketinggalan jaman, lan dipunanggep mboten wigati kangge gesang bebrayan agung; (4) Siswa kirang kagungan motivasi kange nderek piwulangan Basa Jawi; (5) kirangipun bahan referensi gurubabagan *Serat Wedhatama*; (6) guru kirang trampil utawi *inovatif* ngagem metode utawi media piwucalan ingkang sanget ngremenaken siswa.

### **B. Implikasi**

1. *Serat Wedhatama* saged dipunagem kangge ningkataken karakter budi luhur siswa lumantar piwulangan ing pawiyatan kadosdene SMK. Awit *Serat Wedhatama* ngandut nilai-nilai luhur ingkang saged dipuntuladha generasi muda kangge ningkataken etika pribadi, etika sosial lan etika dumateng Gustu Ingkang Mahakuwasa.
2. Piwucalan karakter ingkang wonten *Serat Wedhatama* langkung gampil dipuntampi siswa menawi teks *Serat Wedhatama* dipuntranslate dados basa ngoko, guru ngagem metodhe lan *media* piwucalan ingkang inovatif kadosdene metodhe *cooperative learning* (gotong royong), diskusi, lan *media audio visual* (nembang), saengga siswa saged aktif ing saklebetipun piwucalan.

### C. Saran

1. Kagem guru:
  - a. Bahan piwucalan *Serat Wedhatama* kangge siswa dipunlengkapi terjemahanipun supados siswa gampil nampi *makna kata* lan isi ingkang wonten ing *Serat Wedhatama*.
  - b. Guru kedhah ngagem metode utawi media piwucalan ingkang *inovatif*, supados siswa *termotivasi* nderek piwucalan Basa Jawi.
  - c. Guru tansah *memotivasi* siswa supados remen dateng budaya asli Indonesia kadosdene karya sastra Jawi, amargi karya sastra Jawi kadosdene *Serat Wedhatama* ngandut piwucalan luhur kangge *generasi penerus bangsa*.
2. Kangge siswa:
  - a. Siswa kedhah saget mendet tuladha ingkang sae saking piwucalan luhur ingkang wonten karya sastra Jawi.
  - b. Siswa kedhah nguri-uri dan remen dateng budaya luhur bangsa Indonesia piyambah.
  - c. Siswa kedhah aktif lan kreatif ing sadangunipun piwulangan Basa Jawi.

## KAPUSTAKAN

- Adisusilo, Sutarja. 2012. *Pembelajaran Nilai Karakter*, Jakarta: Raja Grafindo.
- Amin, M. Darori. 2000. *Islam dan Kebudayaan Jawa*. Yogyakarta: Gana Media.
- Any, Anjar. 1986. *Menyingkap Serat Wedhatama*. Semarang: Aneka Ilmu.
- Aromandani, Ari. 2014. “Pengintegrasian Pendidikan Karakter dalam Pembelajaran IPS Melalui Kajian Tembang Macapat”. *Jurnal Pendidikan Humaniora*, Vol. 2 No. 3, Hal 205-210, September 2014: 205-210.
- Depdikbud. 1998. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*, Jakarta: Balai Pustaka.
- \_\_\_\_\_. 1994. *Nilai-Nilai Budaya tra Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Djaali. 2011. *Psikologi Pendidikan*. Jakarta. PT Bumi Aksara.
- Hamalik, Oemar. 2001. *Proses Belajar Mengajar*. Jakarta : Bumi Aksara.
- Ismawati, Esti. 2016. *Religiosity in Wedhatama by KGPAAG Mangkunagara IV: An Education Model A La Javanese Culture*. *International Journal of Active Learning*, 1(2), 38-48.
- Istiqomah, N., Muslihati dan A. Atmoko. 2017. “Work Value Dalam *Serat Wedhatama* Dan Implikasinya Terhadap Bimbingan Karier Berbasis Budaya Jawa”. *Jurnal Pendidikan: Teori, Penelitian, dan Pengembangan* Volume: 2 Nomor: 6 Bulan Juni Tahun 2017: 806-811.
- Jihad, A dan A. Haris. 2009. *Evaluasi Pembelajaran*. Yogyakarta: Multi Pressindo.
- Kridalaksana, Harimurti. 2001. *Pembentukan Kata dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT. Gramedia Utama
- Mahmudi. 2005. *Wirid Mistik Hidayat Jati Mutiara Pemikiran Teologi Islam Kejawen*. Yogyakarta: Pura Pustaka.
- Mangkunegara IV, KGPAAG. 1994. *Serat Wedhatama*, terjemajhan T.N, Cet. III . Semarang: Dahara Prize.
- Moleong, Lexy J. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosda Karya.

- Muchson AR. 2009. "Nilai-Nilai Pendidikan Karakter Dalam Serat Wedhatama". *Seminar Nasional Hasil Penelitian Pendidikan "Peranan Budaya dan Inovasi Pembelajaran dalam Pemanfaatan Pendidikan Karakter" FISE UNY,2009:82-99.*
- Nurhayati, Endang. 2009. *Linguistik Jawa*. Yogyakarta: Media Abadi.
- Pujiartati, R., H. Joebagio dan Sariyatun. 2017. "Pembelajaran Sejarah Berbasis Nilai-nilai Serat Wedhatama untuk Membentuk Etika dan Moral Siswa", *Yupa: Historical Studies Journal*, 1 (1), 2017: 48-62.
- Purwadi. 2006. *Seni Tembang*. Yogyakarta: Tanah Air.
- Sagala, Syaiful. 2010. *Supervisi Pembelajaran*. Bandung: Alfabeta.
- Sardiman, A.M. 2011. *Interaksi dan Motivasi Belajar Mengajar*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Setiyadi, D.B.P. 2012. *Analisis Wacana*. Yogyakarta: Media Perkasa.
- Slameto. 2010. *Belajar dan Faktor-Faktor yang Mempengaruhinya*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Sudjana, Nana. 2011. *Penilaian Hasil Proses Belajar Mengajar*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Sukri, Sri Suhanjati Sukri. 2004. *Ijtihad Progresif Yasadipura II Dalam Akulturasi Islam Dengan Budaya Jawa*. Yogyakarta: Gama Media.
- Sutarno, S. dan M. Barida. 2017. "Kajian Bahan Bimbingan dan Konseling dalam Serat Wedhatama". *Jurnal Kajian Bimbingan dan Konseling*, 2(3), 2017, 114-122.
- Sutopo, H.B. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif : Dasar Teori dan Terapannya Dalam Penelitian*. Surakarta: Sebelas Maret University Press.
- Suwarno, Wiji. 2008. *Dasar-Dasar Ilmu Pendidikan*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media.
- Suyanto dan D. Hisyam. 2000. *Pendidikan Di Indonesia Memasuki Millenium III*. Yogyakarta: Adicita Karya Nusa.
- Syah, Muhibbin. 2011. *Psikologi Belajar*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.

- Wibawa, Sutrisno. 2010. "Nilai-nilai Moral dalam *Serat Wedhatama* dan Pendidikan Budi Pekerti", *Cakrawala Pendidikan*, Mei 2010, Th. XXIX, Edisi Khusus Dies Natalis UNY.
- Wibawa, Sutrisno. 2013. "Filsafat Jawa Dalam *Serat Wedhatama*", *Jurnal Ikadbudi*, Volume 2 Desember 2013:1-16.
- Zaim, Elmubarok. 2009. *Membumikan Pendidikan Nilai Mengumpulkan yang Terserak, Menyambung yang Terputus dan Menyatukan yang Tercerai*, Bandung: Alfabeta.
- Zuchdi, Darmiyati. 1993. *Panduan Penelitian Analisis Konten*. Yogyakarta: Lembaga Penelitian IKIP Yogyakarta.